



Mouvement des Femmes et Filles pour la Paix et la Sécurité

Montréal, ku wa 08 Ntwarante 2026

ITANGAZO RY'UMUHARI MFFPS RIJANYE N'UMUNSI MPUZAMAKUNGU WAHARIWE AGATEKA K'ABAKENYEZI

Kuri uyu munsu mpuzamakungu wahariwe agateka k'abakenyezi, Umuhari w'Abakenyezi n'Abigeme baharanira Amahoro n'Umutekano mu Burundi (MFFPS) urongera kwiyeziza gukingira, guteza imbere no kurwanira agateka k'abakenyezi n'abigeme, muri kino gihe igihugu cacu gihanze n'ingorane zikomere zijanye n'ubutunzi, imibano hamwe n'umutekano.

Mu Burundi, iyubahirizwa ry'agateka k'abakenyezi riracari kure nk'ukwezi. Mu bice vyinshi vy'igihugu, abakenyezi barabandanya guhangana n'ubukene bwinshi, kubura amahirwe yo kwiteza imbere mu vy'ubutunzi, kubura inyigisho zikwiye, hamwe n'igisata c'indero gihanze n'ibibazo vyinshi, ibituma abigeme batabona amahirwe yo kuva mu buzima bw'ubukene barimwo.

Ingorane zijanye n'ubutunzi, ubuzima buzimvye, ibiciro vy'ibidandazwa bidasiba kuduga, ivyo vyose bigira ingaruka nyinshi ku bakenyezi. Bigatuma ibikorwa vyabo vy'iterambere bisubira inyuma, ntibababakirongere amahirwe angana n'ay'abagabo.

Kuri izo ngorane z'ubutunzi ziyongera iz'umutekano. Mu bice bitari bike vy'igihugu, abakenyezi n'abigeme babandanya gukorerwa ivyaha bikomeye : gufatwa ku nguvu, gukubagurwa, kwicwa, guhohoterwa mu ngo hamwe n'ayandi mabi ashingiye ku gitsina. Ivyo bikorwa bihangabanya umubiri n'amagara yo mu mutwe, bikabuza abakenyezi kwitwararika ubuzima bwabo, kwinjira mu bikorwa vy'iterambere no kugira uruhara mu buzima bw'igihugu. Umuhari MFFPS uributsa ko umutekano w'umukenyenzi ari uburenganzira ntabanduka, kandi ko ari ishingiro ry'ukwiteza imbere kw'umuryango n'igihugu.

Umuhari MFFPS urashimangira ko **umunsu mpuzamakungu wahariwe agateka k'abakenyezi utategerezwa kuba umunsu wo kwidagadura**. Ahubwo ni akaryo keza ko kuzirikana no kwiyemeza gusubira mu rugamba rwo kurwanya akarenganyo kagikorerwa abakenyezi n'abigeme. Ni umwanya wo kwibuka ko iyubahirizwa ry'agateka k'abakenyezi ritarashikwako, ko hakenewe ibikorwa n'ubwitange vya bose.



Mouvement des Femmes et Filles pour la Paix et la Sécurité

Umuhari MFFPS uributsa ko ukwiteza imbere kw'abakenyezi mu vy'ubutunzi, imibano n'umutekano ari inkingi y'iterambere rirama. Gushigikira indero, ubudandaji bw'abakenyezi, uburenganzira bwo kuronka ivyankenerwa, hamwe no gukinga ihohoterwa, ni intambwe zikomeye zishobora gukomeza imiryango n'abanyagihugu muri rusangi mu Burundi.

Kuri uyu muni udasanzwe, umuhari MFFPS uhamagarira abategetsi b'Uburundi, amashirahamwe adaharanira ivyicarwo vya politike, abafatanyabikorwa hamwe n'Abarundi bose gushira hamwe inguvu mu :

- Kurwanya ubukene bukora ahanini ku bakenyezi ;
- Guharanira ko abigeme bose baronswa indero n'inyigisho ngirakamaro ;
- Gukinga no kurwanya amabi ashingiye ku gitsina ;
- Gutsimbataza uburyo bwo kuronka ubutungane ;
- Gushigikira ibikorwa vyose biteza imbere ubwigenge, agateka n'umutekano w'abakenyezi.

« Abakenyezi b'Abarundikazi ni bo nkingi y'imiryango. Ariko ntibakwiye kubandanya kwikorera bonyene umutwari w'ubukene, ihohoterwa n'umutekano muke. Gushigikira agateka kabo no kubaha uburyo bwo kwiteza imbere, ni ugushigikira amahoro n'iterambere ry'igihugu. »

Ku bw'umuhari MFFPS

Umushingwamanza Jeanne d'Arc ZANINYANA

Umuyobozi nshingwabikorwa